# TIL-MILLIYLIK TÍMSALÍ

**Seytmuratova Miyirban**
Qaraqalpaqstan Respublikası Qońırat RXBBine qaraslı
38-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń qaraqalpaq
tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı
https://doi.org/10.5281/zenodo.7279404

Annotaciya: Bul maqala arqalı Qaraqalpaq tili haqqında maǵlıwmat alıwǵa boladı.

Gilt sózler: Ana-tili, til millet ózegi, tildiń jazba kórinisi

Ana tili- millettiń ǵáziynesi, mámleket tımsalı, múlki.Tildi asırap-abaylaw, rawajlandırıw-millettiń jetilisiwi demek. Dúnyadaǵı barlıq xalıqlar óziniń milliy rásmiy tiline iye dep ayta almaymız.Sebebi, bul xalıqtıń milliy ǵárezsizligi menen baylanıslı.Qánigelerdiń pikirinshe, házirgi kúnde eki háptede bir til joytılıp barmaqta.Bul óz gezeginde sol tilde sóylewshi xalıqlardıń da joq bolıp ketiwin ańlatadı.YUNESKO wákilleriniń sózlerine qaraǵanda, bir payıtları adamlar sóylesetuǵın tillerdiń sanı 8 mıńǵa jetken bolsa, búgingi kúnde planetamızda 6 mıń til bolıp, olardıń 90% i joq bolıp ketiw aldında tur.Bul tiykarınan civilizaciya nátiyjesinde mádeniyatınan ayrılıp atırǵan kem sanlı milletlerdiń tilleri bolıp esaplanadı.Qashan jas áwlad óz ana tilinde oqıwdı toqtatsa, sol tilge joǵalıp ketiw qáwpi tuwadı.Bunnan otız bir jıl burın ana tilimiz- qaraqalpaq tiline mámleketlik til statusı berildi.Bul jurtlaslarımız turmısındaǵı áhmiyetli tariyxıy waqıyaǵa aylandı. Eger sol waqıtta til haqqındaǵı nızam qabıl etilmegeninde , qaraqalpaq tili de tariyx betlerinen ǵana orın alıp qalǵan bolar ma edi?!2019-jıldıń 16-oktyabrinde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń "Mámleketlik til haqqında"ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń qabıl etilgenine otız bir jıl tolıwın keń túrde belgilew haqqında"ǵı qararı qaraqalpaq tiliniń áhmiyetiniń joqarı bahalanıp, oǵan degen húrmettiń arta beriwine xızmet etedi.Haqıyqatında da, til millettiń ruwxıy baylıǵı.Ol tek ǵana baylanıs quralı bolıp qalmay bálkim, xalıqtıń mádeniyatı, úrp-ádeti, onıń turmıs tárizi,tariyxı. Tildi saqlaw, asırap-abaylaw- bul sol xalıqtıń dástúrleri, úrp-ádetleriniń saqlanıp qalıwın ańlatadı.Sebebi, xalıqtıń tágdiri onıń tiliniń tágdiri menen tikkeley baylanıslı. Til- hárbir millet mádeniyatınıń ózegi.Sol sebepli de tildiń saqlanıwı xalıqtıń alǵa ilgerilewin hám keleshegin belgileydi.Ol xalıqtı birlestiredi, tárbiyalaydı, bilim beredi, dástúrlerin saqlaydı.Solay eken, ana tilimizdiń abıroyın asırıw, rawajlanǵan tiller qatarına qosıwda hárbirimiz úles qosıwımız kerek.

1928-jilǵa deyin qaraqalpaq tilinde jazıw ushın arab álipbesi qollanılǵan. 1928 hám 1940-jıllar aralıǵında latın grafikası qollanılǵan, hám onnan keyin kirill

grafikasına ótilgen. Ózbekstan Respublikasınıń ǵárezsizliginen keyin latın grafikasına qaytıwǵa qarar etildi hám házirgi waqıtta Qaraqalpaqstanda basqıshpa-basqısh ótiw ámelge asırılmaqta.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń "Mámleketlik til haqqında"ǵı
2. kaa.m.wikipedia.org